



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON NOUVO ENSTALASYON TRANSPÒ TERÈS ENTÈMODAL 8.4 MILYON DOLA NAN AYEWOPÒ MACARTHUR LONG ISLAND

*Investisman eta a nan enfrastrikti transpò ede rann Long Island pi atreyan pou nouvo biznis ak fasilite devlopman ak plis travay*

*Klase kòm premye nan pi bon ti ayewopò nan peyi a, Ayewopò MacArthur Long Island lan bay altènativ vwayaj ki konvnan pou pi gwo ayewopò metwopoliten nan New York yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a inogirasyon nouvo enstalasyon transpò terès entèmodal 8.4 milyon dola nan ayewopò MacArthur Long Island nan Islip, Konte Suffolk. Enstalasyon ki konsantre sou navigatè yo, ki fè pati modènizasyon kontinyèl ayewopò a, resevwa sibvansyon 800,000 dola nan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York ak yon sibvansyon 650,000 dola nan Empire State Development. Sant lan, ki pral amelyore aksè vwayajè nan ayewopò a, te gen Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island ki te idantifye li nan plan estrateji li kòm yon investisman ki pral amelyore konpetitivite rejyon an.

"New York kontinye rekonstwi ak revitalize enfrastrikti li fas ak mank sipò long federal la, epi angajman sa a vle di fè ayewopò yo nan eta a antre nan 21yèm syèk la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo enstalasyon konplè sa a nan ayewopò MacArthur Long Island lan pral bay biznis ak vizitè nan Vil New York ak rejyon Long Island yo yon eksperyans vwayaj amelyore ak senplifye."

"Inogirasyon yon nouvo enstalasyon transpò jodi a nan Ayewopò MacArthur reprezante yon nouvo pòtay nan Long Island", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Modènize ayewopò rejyonal nou yo enpòtan pou ankouraje biznis ak touris nan rejyon inik ak divès Eta New York nou yo, epi se yon lòt egzanp sou fason n ap rekonstwi pi byen ke jamè pou avni apre pandemi an."

**Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Gouvènè Cuomo te reyalize investisman san parèy pou rebati ak modènize ayewopò yo nan tout eta a, ki se pòtay kle pou amelyore aktivite ekonomik nan tout rejyon nan New York. Dènye pwojè modènizasyon ayewopò sa a nan Ayewopò MacArthur Long Island pral amelyore eksperyans ayewopò a pou vwayajè yo nan kreye yon enstalasyon transpò entèmodal terès konsolide ki pèmèt aksè fasil pou lokasyon machin, pou taksi ak bis".

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare,** "Nouvo sant transpò Ayewopò MacArthur Long Island lan reprezante pa sèlman dènye amelyorasyon ki konsantre sou navigatè ayewopò yo nan eta a, men tou angajman kontinyèl Gouvènè Cuomo pou devlopman ekonomik rejyonal. Transpò se yon motè kle pou kwasans ekonomik, ak investisman ki amelyore ak modènize enstalasyon sa yo ankouraje devlopman biznis alontèm ak akeyi vizitè yo nan Long Island ak nan rejyon yo nan eta a".

Ayewopò MacArthur pral renove yon bilding ki egziste pou tounen yon enstalasyon transpò konplè k ap abrite tout mwayen transpò pou vwayaj nan ak deyò ayewopò a. Nouvo enstalasyon 12,000 pye kare sa a pral konsolide plas pou pran ak kite machin lokasyon (ready and return lots) pou tout enstalasyon machin lokasyon yo nan yon sèl zòn santralize ak relokalize kontwa machin lokasyon yo depi nan zòn rekiperasyon bagaj tèminal prensipal la. Estasyon taksi ayewopò a, ki aktyèlman sitiye nan zòn rekiperasyon bagaj yo, pral deplase pou ale nan nouvo enstalasyon transpò a, epi estasyon bis aktyèl Konte Suffolk la pral depase sòti nan vwa eksteryè wout prensipal tèminal la pou pase nan yon kote ki pi an sekirite nan nouvo enstalasyon sa a. Plas ak kontwa pou pran machin lokasyon yo, founisè taksi, estasyon bis Konte Suffolk ak estasyon navèt Long Island Rail Road pral kounye a sitiye nan yon sèl lokal konvab pou distans pou mache nan antre ak sòti bilding tèminal prensipal ayewopò a. Enstalasyon ki fini an pral gen ladan tou yon pasrèl ki kouvri ki konekte de pwen antre yo. Vwayajè yo pral kapab kite oswa pase pran pwòp veyikil yo ki ka te livre atravè yon sèvis transpò otomobil, ki fè plizyè livrezon veyikil long distans pou Florid.

**Senatè Monica R. Martinez te deklare,** "Angajman Gouvènè Cuomo pou Long Island, espesyalman Konte Suffolk, inebnanlab. Nan moman difisil tankou sa yo nou ladan an, investi nan enfrastrikti pral ede ranfòse ekonomi nou an nan kreye travay ak elaji touris nan Long Island. Ayewopò MacArthur la gen anpil potansyèl ki dwe maksimize epi anons jodi a se yon etap nan bon direksyon an pa sèlman pou rezidan suffolk yo men pou tout rejyon Long Island lan".

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk la, Steve Bellone te deklare,** "Ayewopò MacArthur a sitiye nan kè Konte Suffolk epi sèvi kòm pòtay pou akeyi tout moun ki vle dekouvri sa rejyon nou an gen pou ofri. Modènize ayewopò sa a ak transfòm li nan yon sant transpò modèn se yon eleman enpòtan nan mistè a lè sa gen pou wè ak atire nouvo biznis ak vizitè nan Long Island. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou investisman kontinyèl li nan enfrastrikti transpò nou, ki pral ankouraje aktivite ekonomik, sipòte biznis lokal yo ak asire jeyon nou an rete konpetitif".

**Sipèvizè Vil Islip, Angie Carpenter, te deklare,** "Nou konstamman ap travay pou modènize ak amelyore enfrastrikti Ayewopò MacArthur a pou bay yon ekselan eksperyans kliyan ak modènize zòn ak eleman k ap vyeyi yo. Pandan kat ane pase yo, plis pase 50 milyon dola nan pwojè amelyorasyon imobilizasyon fini oswa ankou. Gwo pwojè renovasyon sa a gratis pou kontribiyab lokal yo epi bay anpil avantaj pou ayewopò ak kominote nou an".

**Ko-prezidan LIREDC, Kevin Law, Prezidan Asosyasyon Long Island ak Stuart Rabinowitz, Prezidan Hofstra University, te deklare,** "Ayewopò MacArthur enpòtan pou sante ekonomik rejyon an epi nan entegre sèvis ak ekipman yo nan yon sèl lokal, vwayajè yo pral akeyi nan yon enstalasyon modèn ki pral pi an sekirite, pi santralize ak pi fasil pou navige. Sa se yon lòt fason n ap kontinye fè Long Island pi atreyan pou tout moun, swa pou vizite oswa pou mete biznis yo nan rejyon an".

Inogirasyon jodi a nan Ayewopò MacArthur Long Island lan konplete yon envestisman dirèk san parèy Eta a ki plis pase 316 milyon dola pandan senk ane pase yo pou re-imaginer ayewopò minisipal yo nan tout eta a, apa enstalasyon sa yo ke Otorite Pòtyè New York ak New Jersey ap jere. Investisman eta a gen ladan 200 milyon dola pou modènize ayewopò yo nan Rejyon Nò New York, ki gen ladan [Ayewopò Entènasyonal Greater Rochester](#), [Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock](#), [Ayewopò Rejyonal Elmira Corning](#), [Ayewopò Entènasyonal Plattsburgh](#), [Ayewopò Entènasyonal Ithaca Tompkins](#), ak [Ayewopò Entènasyonal Albany](#). Anplis sa kreye travay ki byen peye nan domèn ayewonotik, envestisman modèn sa yo enkòpore tou inovasyon, dirabilite ak rezistans nan konsepsyon an, amenajman pou pasaje yo ak amelyorasyon nan eksperyans kliyan. Finansman sa a ajoute renouvèlman ak modènizasyon 21 milya dola pou Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy ak Ayewopò LaGuardia.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)